2015 гъэм куэдкIэ дыщогуг!

ФИФI фымыгъэпуд, фи IейI фымыгъэпщкIу

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЬАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№2 (22.910) • 2015 гъэм щIышылэм (январым) и 14, бэрэжьей • Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

КIУЭКIУЭ Юрий:

«Дэ щIэ куэди къытхуэщхьэпэни тлъэгъуащ»

Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ округым хыхьэ щIыналъэхэм я Iэтащхьэхэр Дагъыстэным лэжьыгъэ Iуэхуэ щыIэщ. Абы теухуа программэм хиубыдэу, етIуанэ махуэр къыщIадзащ Дербент къалэм и производственнэ Iуэхущ Iапlэхэм, щэнхабзэм и ухуэныгъэзэмыдIэужьыгъуэхэм зыщыпхъыхьынымкIэ.

ЗЭIУЩIЭР щекIуэкI щIыналъэм и унафэщIхэм цIыхубэм къадекIуэкI псэкупсэ къулеигъэхэр хъумэным хуэунэтIауэ зэфIагъэкIхэм щIэшхуэ зэрахуищIыр къыхигъэщри, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий жиIащ Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу лъэпкъхъэ я щэнхабзэхэмкIэ зэхъуэжьныр нэхъри щIэтэхуэбжьыным, социально-экономикэ унэтIныныгъэ нэхъыщхьэхэми щызэдэлажьэным зэрителъхьэр.

«Дэ щIэ куэди къытхуэщхьэпэни щытлъэгъуащ мыбы», - къыхигъащ КIуэкIуэ Юрий журналистхэм я ущIэхэм жэуап щаритым.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iапlэ.

Литературэм и илъэс

Нэгъабэ щэкIуэгъуэм и 21-м екIуэкIа Литературэ зэхуэсым УФ-м и Президент Путин Владимир къыщыхилъхьауэ щытащ 2015 гъэр Литературэм и илъэсу ягъэувыну. Куэд дэмыкIыуи къэрал УнафэщIым «Литературэм и илъэсыр Урысей Федерацэм зэрыщрагъэкIуэкIынум теухуауэ» унафэм Iэ щIидзащ. Апхуэдэ Iуэхур къыхалъхьащ жылагъуэм литературэм, тхылъ еджэным гулъытэ хурагъэщIыжьын мурадкIэ.



ПЕЧАТЫМРЭ цIыхубэ коммуникацхэмкIэ федеральнэ агентствэм и унафэщI Сеславинский Михаил жиIащ литературэм теухуа Iуэхугъуэ куэдкIэ илъэсыр гъэнщIауэ зэрыщытынур. «Литературэм и илъэсыр зэрырагъэкIуэкIынум теухуа я Iуэху еплъыкIэхэр Урысей Федерацэм и хэгъэгу 40-м къагъэлъэгъуагъэхэщ, - жиIащ абы. - Илъэсыр зэредгъэкIуэкIынур УФ-м Щэнхабзэмкlэ, Егъэджэныгъэмкlэ и министерствэхэм, Урысей тхылъ зэгухьэныгъэм, тхылъ тедзапlэхэм, творческэ союзхэм, библиотекэхэм я лэжьакIуэхэм я гъусэу дубзыхуащ». Абы ящэзэрыхигъэщамкlэ, Литературэм и илъэсым кушIэ зиIэ Iуэхугъуэщхэхэр ирагъэкIуэкIынущ. Псалъэм папщIэ, «Литературная Евразия» фIэщыгъэр иIэу екIуэкIынущ тхакIуэхэм я дунейпсо зэхуэхьэр. «Урысейм и литературэ картэр», «Библиотекэхэм я жэщ - 2015 гъэ», «Тхылъхэр - сымаджэщым», «Гъэмахуэр тхылъым и гъусэу» тхакIуэхэмрэ тхылъеджэхэмрэ я зэIущIэхэр, «Урысейм и литературэ къалащхьэ» зэпеуэр, нэгъуэщI куэди агъэбеджьилащ.

Урысей литературэр дуней псом къыщащIыху, Достоевский Федор, Толстой Лев, Булгаков Михаил, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил, Толстой Алексей сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр цIыхухэм щIэх-щIэхыурэ щIаджыкIхэм ящыщщ, ахэр хамэ къэралыбзэ куэдкIэ зэрадзэкIащ. Псом хуэмыдэу къыхэгъэщыпхъэщ адыгэхэм Толстой Алексей, Пушкин Александр, Лермонтов Михаил сымэ нэхъ дц гъунэгъуэ зэрыщытыр. Ахэр Кавказым щыIащ, абы и щыIэкIэ-псэукIэм, и цIыхухэм тхыгъэхэр трауху ащ.

Адыгэ литературэм ныбжьыщхуэ имыIэми, дызэрыгушхуэн тхакIуэхэр ди мащIэкъым. ПащIэ Бэчмырзэ, Хьэхъупащ Амырхъан, Щакlуэ Талъостэн, Щоджэнцыкlу Алий, Щомахуэ Амырхъан, Теунэ Хьэчим, Кlыщокъуэ Алим, Шортэн Аскэрбий, Щоджэнцыкlу Iэдэм, Нало Ахьмэдхъан, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, ШэджыкъэщIэ Хьэмыщэ, Тхьэгъэзит Зубер, Бещтокъуэ Хьэбас, Къагъырмэс Борис, МафIэдз Сэрэбий, Елгъэр Кашиф, Хьэх Сэфарбий, Кхъуэлуфэ Хьэчим, Мэзыхьэ Борис, Къэжэр Хьэмид, Iутlыж Борис, Бицу Анатолэ, Ацкъан Руслан, Уэрэзей Афлик, Мыкъуэжь Анатолэ сымэ, нэгъуэщIхэми я IэдакъэщIэкIхэр лъэпкъ литературэм и курыхущ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми цыхьэуэу утепсэлъыхьыну къелэжь, литературэм и дунейпсо утыкум зэрихьэн IэдакъэщIэкI яIэщ. Иужь-рейуэ дунейм къытехьа тхыгъэхэм я гугъу пщIымэ, къыхэгъэщыпхъэу къыщIэкIынщ Ацкъан Руслан и сонетхэр зэрыт «Уэшх нэужьым» тхылъыр. Сонет 239-рэ щыз зэхуэхьэса а тхылъыр адыгэ литературэм щыпэу дунейм къытехьащ. ДызэрыщIыгъуаззщи, сонетыр литературэм и жанр нэхъ гугъуэхэм хабжэ, икIи ар куэдым къехъулIэркъым. Абы къегъэлъагъуэ Ацкъаным и зэфIэкIыр здынэсыр. Дызэрыгушхуэнхэр диIэщи, абыхэм яхуэфащэ пщIэ яхуэтщIынкIи дыкъыщIэкъупхъэщ.

Блэкlа илъэсыр Щэнхабзэм ейуэ щытащ. Щэнхабзэмрэ литературэмрэ куэдкIэ зэпыщIащ, абы къыхэкIыу мы илъэсыр литературэм зэрыхухахар тэмэму къэплъытэ хъунущ. Дыгугъэщ апхуэдэ гулъытэм литературэм и пщIэр къиIэтыжьыну, къалэмыр къэзыщтэжэм къахэхъуэну, тхылъыр цIыху нэхъыбэм я Iэпэгъу хуэжьыну.

щхьэщэмыщI Изэ.

Зэрызэдэлэжьэнур яубзыху

● Узыншагъэ

Республикэ клиникэ сымаджэщым иджыблагъэ лэжьыгъэ Iуэхуэкlэ щыIащ Медицинэ щIэныгъэхэмкlэ урысей академием и академик, медицинэ щIэныгъэхэм я доктор, профессор, Сечин И. М. и цIэр зэрихьэу Москва дэт Япэ къэрал медицинэ университетым аортальнэ, гу-лъэнтхуэ хирургиемкlэ и университет клиникэм и унафэщI Белов Юрий.

ЩIэныгъэлIыр яхуэзащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и хуэдэз - зэшинагъэр хъумэныжьмкlэ министр Шэт Ирмэрэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэм и къуэдзэ - лъэнтхуэ узыфэхэмкlэ хирургиемкlэ къудамэм и унафэщI Аслъэн Ахьмэдрэ. Ахэр тепсэлъыхьащ адэкlэ зэрызэдэлэжьэнум. Белов Юрий къыхигъэщащ хирургие къудамэр иджыдей Iэмэпсымэхэмкlэ фIыуэ къызэрызэгъэпэщар, сымаджэщым иIэ Iэмалхэм ятепщIыхьмэ, кардиологие и лъэныкъуэкIи лажьыгъэм зебгъэужьыфыну зэрыщытыр. Абы жиIащ республикэ клиникэ сымаджэщым езым операцэхэр щригъэкIуэкIыну зэрыхьэзырыр, къищынэмыщIауи, а къудамэм щыIэ Iэщlагъэлl ныбжьыщIэхэм я Iэзэгъэм хэгъэхъуэныжьмкlи зэрадэлэжьэнур. Республикэм и цIыхухэр нэхъыбэрэ зыгъэсымаджэхэм гу-лъэнтхуэ узыфэхэр зэращыщыр къэплъытэмэ, апхуэдэ зэдэлэжьэныгъэм мыхьэнэщхуэ зэриIэр жиIащ Аслъэн Ахьмэд.

ЗэIущIэм и кIэм Шэт Ирмэ къыхигъэщащ медицинэ Iуэхутхъэбзэхэм щIэуэ къыхьыхьэхэр Iэнатlэм жыджэру къыщыгъэсэбэныныр, дуней псом щыщIэрыIуэ щIэныгъэлIхэм я деж Iэщlагъэлlхэм я Iэзэгъэм щыхэгъэхъуэныр щыIналъэм узынщагъэр хъумэн Iэнатlэм зыщегъэужьыныжьмкlэ Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм зэращыщыр, абы къыхэкIыуи зэман гъунэгъум Республикэ клиникэ сымаджэщым лъэнтхуэ узыфэхэмкlэ хирургие къудамэм IэмалыщIэхэр къыщагъэсэбэныну зэрамурадыр.

КъБР-м Узыншагъэр хъумэныжьмкlэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ Iапlэ.

● Дыгъуасэ

ЗэхъуэкIыныгъэфIхэр зиIэ Iэнатlэ

Мэзыхьэ Борис УФ-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и ЩIыхь тхылъыр иретыж ар зыхуагъэфэща «Горянка» газетым и редактор нэхъыщхьэ Къаныкъуэ Заринэ.

Журналистикэр фIыуэ зызыужьа, арыншэу дымыпсэуфын Iэнатlэхэм ящыщщ, сыту жыпlэмэ цIыхум махуэ къэс ищIэну хуейщ дунейм къыщыхъу-къыщыщIэхэр. Ахэр зэлъэзыщIысри а Iэнатlэм Iутхэрщ.

УРЫСEЙ печатым и махуэр илъэс куэд хьауэ ди къэралым щагъэлъапlэ. Дыгъуасэ Налшык и Къэрал киноконцерт гъэлъэгъуапlэми пшыхь гуапэ щызэхашащ а гуфIэгъуэ махуэм и щIыхькIэ. Журналистхэм хъуэхъу хуаIэтащ, КъБР-м и Парламентым, Правительствэм, Печатымрэ цIыхубэ хъыбарегъащIэ Iуэхущlапlэхэмкlэ и къэрал комитетым и унафэщI Къэзанш Людмилэ кIыщыпсалъэм къыхигъэщащ иужьрей зэманым Къэбэрдей-Балъкъэрым и журналистикэм зэхъуэкIыныгъэфIхэр къызэрыщыхъуар, газетхэмрэ журналхэмрэ я мызакъуэу, ди радиоми телевиденэмэ хъарзынэу зэрызаужьар.

Журналистхэм гупсысэ гъэщIагъэнхэр дяпэкIи яIэу лэжьэну ехъуэхъуащ, зи унафэщI Iуэхущlапlэм и щIыхь тхылъхэр къыхэжаныкIахэм яритащ КъБР-м и Журналистхэм я зэгухьэныгъэм и тхьэмадэ Мэзыхьэ Борис.

Урысей печатым и махуэр зыгъэлъапlэхэм я гукъыдэжьыр хуаIэтащ «Кабардинка» къэрал академическэ ансамблым хэтхэм, «Балкарая» гупым и къэфакIуэ Кудаев Ахьмэд, Адыгэ Республикэм щIыхь зиIэ и артист Гуаэз Тимур сымэ, нэгъуэщIхэми.

БАГЪЭТЫР Луизэ.
Сурэтыр
Къарей Элинэ *трихащ*

● Телеграммэхэр

Фи къарум и хэкIыпIэр - псалъэр - вгъэшэрыуэ!

ПщIэ зыхуэсщI Мухьэмэд Мусэбий и къуэ!

Уэрэ, уи унафэм щIэт газетым и лэжьакIуэ псоми Урысей печатым и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!

Мы махуэр гуфIэгъуэ пIалъэу зэрагъэпсам къегъэлъагъуэ печатым и къалэныр зэрылъагэр, абы и псалъэм мыхьэнэщхуэ зэрилъэр. Журналистхэм я лэжьыгъэр гугъущ икIи жэуапльныгъэщхуэ зыпылъщ. Ауэ фэ фIэщIэлъщ Iэщэ нэхъ лъэщ дыдэхэм ящыщ зыр - псалъэр. Аращ ди къарум и хэкIыпIэри, жылагъуэм и пащхьэ щыфхь жэуапир зыIэтри. Сэ фэ псоми пэжагъ зэрыфхэлъым папщIэ фIыщIэ фхузощI икIи тегушхуэныгъэ фхэлъыну, проектыщIэхэр тэмэму вгъэзэщIэну, творческэ екъуIэныгъэ лъагэхэр фиIэну сынывохъуэхъу. Иджыпсту хуэдэу зэпымыууэ гъэщIэгъэуну икIи цIыхухэр къыдэфхьэхьэфу фекIуэкI. Фэри фи Iыхьлыхэми насыпрэефIэкIуэныгъэрэ фиIэну си гуапэщ!

ПщIэ фхуэзыщI,
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ I
ЕГОРОВЭ Татьянэ.

* * *

ПщIэ зыхуэсщI Мухьэмэд Мусэбий и къуэ!

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министерствэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыIэм и унафэщIхэмрэ коллегиемрэ я щIэхIэ, си щхьэкIэ сэ къызбгъэдэкIыу Уэрэ, узипашэ гупым хэтхэмрэ ветеранхэми сынывохъуэхъу Урысей печатым и махуэмкIэ!

Республикэм и газет нэхъыжь дыдэхэм ящыщу щыт «Адыгэ псалъэр» къыдэкIыу зэрыхуежьэрэ цIыху куэдым я ныбжьыгъуэ пэжу къокIуэкI. Абы еджэхэм газетым щагъуэт республикэм и гъащIэм екъэIа Iуэху нэхъ гъэщIэгъуэн дыдэхэм ятеухуа хъыбархэр.

Демократие зэхъуэкIыныгъэхэр щекIуэкI лъэхъэнэу Къэбэрдей-Балъкъэрым и дежкIэ икъукIэ гугъуу щытам газетыр емыязышжу щIэбэнащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и щIыхубэм я зэкъуэтыныгъэр зэрыщытам, лъэныкъ, дин зэгурыIуэныгъэр гъэбыдэным.

Фи Iэщlагъэм ирилажьэхэм я махуэшхуэм си гуапэу сынывохъуэхъу тегушхуэныгъэ фхэлъыну, творческэ екъуIэныгъэщIэхэр къэфхьыну, мурадыщIэхэмрэ проектыщIэхэмрэ пхыгъэкIыну. Фэри фи Iыхьлыхэми насыпрэ ефIэкIуэныгъэрэ фиIэну!

Къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ министру КъБР-м щыIэ
ВАСИЛЬЕВ Сергей

● Азау хуей

Уасэхэр езэгъырабгъуу зэрыщытым и фIыгъэкIэ

Туристрэ зыгъэпсэхуакIуэу мини 10-м нэблагъэм Iуащхьэмахуэ льапlэ Илъэсыщ Iэр къыщрагъэхащ.

БГЪ-ЛЫЖЭ спортымрэ сноубордымрэ дихьэхэм яхэтщ Мэзкуу, Санкт-Петербург, Самарэ, Саратов къалэхэм, Мэзкуу областым, Ставрополь, Краснодар крайхэм, апхуэдэу Кавказ Ищхъэрэм и адрей щIыналъэхэм щыщхэр.

ЩIышылэм и япэ махуэхэм щегъэжьауэ, Азау, Чегет хуейхэм турист минхэр къокIуэ. Ахэр уэру къызэрыгъуеблагъэм щхьэусыгъуэфI куэд иIэщ. Къапщтэмэ, къуршхэм уэсыр щыIуэщ, дунейр бзыгъэ дахэщ, дыгъафIэщ, кьежэхьлIэкэр бгъуфIэщ, и техьапlэхэр зэхуэщ.

Iуащхьэмахуэ и джабэ нэкIуэм къыщцжьыхьыну, цIыхухэм я спорт гукъыдэжьыр къиIэтыну Уае Дадэри къахуеблэгъат. Абы щыIугъащ Мэзкуурэ Самарэрэ щыщ сноубордистхэмрэ лыжникхэмрэ икIи илъэсыщIэм и япэ махуэхэр гукъинэжу зэрыщытар зэхуаIуэтащ. Къапщтэмэ, джабэ нэкIуэр захуэ зэращIам, къежэхьлIэхэм къызэрыхагъэхьауам иджы нэхъ щытыкIэфI къахуэзрегъэпэщ. ХьэщIэхэм хэхуэу къахагъэщащ уасэхэр езэгъырабгъуу зэрыщытым и фIыгъэкIэ, дэтхэнэми курортым зыщигъэпсэхуну Iэмал зэриIэр.

КъежэхьлIэхэм щыIэр градуси 7 щохъу. ЩIымахуэм зэрихабзэу, борэным бгы лыжэ гъуэгуэхэр уэс Iуэкlэ иуфэбгъуащ. «Iуащхьэмахуэ курорт» ОАО-м и уэсубэ техникэр зэуIуу къагъэсэбэп, кIапсэ гъэзэгу псоми зэраубзыхуам тету тэмэму мэлажьэ.

МАХУЭКЪУЭ Зауркъан.

ЦIыхухэр ямыгъэгузэвэну яужь итми

США-м щыщ Алабамэ штатым хыхьэ Атенс къалэм пэмыжьыжьэу щыIэ «Браунс Ферри» АЭС-м къызэрымыкIуэ щытыкIэ къыщыхъуащ.

Атом станцыр зэрылажьэхэм ящыщ тритий химие пкъыгъуэм хуэдэу литр 750-м нэблагъэ Теннесси псым хыхьащ. Тритийр ящыщ водород нэхъ щIэныгъэ дыдэхэм. АЭС-м и лэжьакIуэхэм зэрыжаIамкIэ, а ныкъусаныгъэм псынщIэ дыдэу гу лъатэри, щхьэхьыр къызыдкIэ вентилыр ягъэбыдащ. А щIыпIэм пэгъунэгъуу щыпсоуэм а къэхъукъащIэм и зэран екIакъым.

«А щхьэхьыр здынэсынкIэ хъуну шэч зыхуэтщI щыпIэ псори къэтпщытати, абы къигъэлъэгъащ ущIэгуэвэн щхьэусыгъуэ зэрыщымыIэр. ЦIыхухэм псыр къагъэсэбэп хъунущ, зыкIи темышыныхьу. Тритийр бжьамийхэм зыгуэркIэ нэсми, ар псым зэпкърихынурэ, цIыхухэм я узынщагъэм зэран хуэмыхъу мардэм хуэкIуэнущ», - жиIащ атом станцым и Iэщlагъэлlхэм.

Апхуэдэу щытми, къэхъуам и хъыбар зэхэзыха цIыхухэр абы игъэгуэващ. Тритийр зэрыщыхъуахъ пщIэ дыдэр, цIыхум и Iэпкълъэпкъ псом зэрегуауэр зыщIэ щIэныгъэлlхэми дохутырхэми къэпщытэныгъэхэр адэкIи ирагъэкIуэкIынущ, щытыкIэр я нэIэм щIагъэтын папщIэ.

ЦIыху минищэ зыхэта пэкIуэр

Франджым илъэсым и пэщIадзэм къыщыхъуа терактхэм хэкIуадахэм я фэеплъу Германием и къалэ зыбжанэм пэкIуэр щекIуэкIащ дыгъуасэ.

Дрезден, Лейпциг, Мюнхен, Ганновер якIалэхуэхэм щыпсэухэм ящыщу цIыху минищэ уэрамым къыдыхьащ, а щIэпхъаджагъэхэр зылэжьаХэр ягъэхъуаншэу, Европэр апхуэдэ гузэвэгъуэм щыхъумэным къэрал унафэщIхэр нэхъ хэкъуэзыу елэжьыныр къагъэуву.

Лъэпкъэр зэщцзыгъэIеинкIэ, дин зэхуэмыдэхэр зезыхьэхэр зэпэщIэзыгъэувэнкIэ хъуну апхуэдэ пэкIуэкIэр къызэзыгъэпэщхэм зэрамылетлъхэр къагъэлъагъуащ Германием и къэрал кIуэцI Iуэхухэмкlэ и министр Томас де Мезьеррэ Баварием и унафэщI Зеехофер Хорстрэ. Абыхэм щIыхухэр къыхураджащ апхуэдэ зэхуэхэм хэмытыну, уи Iуэху еплъыкIэр къызэрыбгъэльэгъуэн Iэмал зэкъуэу ар зэрыщымытыр къыхагъэщри.

А политикхэм жаIа псо дыдэми арэзы техъуакъым ФРГ-м и канцлер Меркель Ангелэ, ауэ апхуэдэуи диныгъакъым ислъам диныр зезыхьэхэм япэщIэувэхэри. «Мусылымэнхэри герман лъэпкъым щыщ Iыхьащ. Сэ нэмыщ псоми сраканцлерщ», - жиIащ Меркель.

Фуджисавэ къалэ тельыджэр

Дыкъэзыухъуреихь дунейм хуэсакъыным нэхъыбэдыдэрэ егупсысхэм, абы теухуауэ Iуэху пыухыкIахэр зылэжьхэм ящыщу къэплъытэ хъунущ Япониер. Абы и щапхъэхэри гъунэжу къыпхуэхъынущ.

Тельыджэ дыдэщ иджыблагъэ абы къыщагупсысар - а къэралым щаухуащ зи щIыуэпсыр дунейм щынэхъ къаба дыдэ къалэр. Фуджисавэщ а къалэм зэреджэр. Абы дащIыхьа унэхэр къызэрагъэхуабэр дыгъэм и къарурщ, псыуэ къыщагъэсэбэныр адрей къалэхэм елъытауэ процент 30-кIэ нэхъ мащIэщ. ЦIыхухэр зэрызекIуэ транспорт дызэсахэм я пIэкIэ дэтынур электромобилхэмрэ лъакъуэрыгъажэхэмрэщ. Къалэр тещIыхьащ унагъуэ мин хуэдиз щыпсэуным. ТынышпIэ псори зиIэ, сыт и лъэныкъуэкIи шынагъуэншэ къалэм щыпсэуну хуейкэр куэд мэхъу икIи абы япэ унагъуэхэр иджыблагъэ епIэщIэкIыу дэтIысхьакIэщ.

НIОБIЭ

♦1814 гъэм цIыху куэд зэкIуапlэ Урысей лъэпкъ библиотекэр къызIэтахащ.

♦1921 гъэм Налшык къащIэжыгъуахащ къэрал библиотекэ.

♦Адыгэпщ, Урысейм и къэрал лэжьакIуэ, дзэ къулыкъущIэ **Черкасский Дмитрий (Къанщауэ)** къызэралъхуэр илъэс 434-рэ ирокъу.

♦Адыгэ тхакIуэ **Щакlуэ Талъостэн** къызэралъхуэр илъэси 124-рэ ирокъу.

♦Экономикэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Шэвлокъуэ Валентин** и ныбжьыр илъэс 78-рэ ирокъу.

♦КъБР-м щIыхь зиIэ и артист, уэрэджыIакIуэ **Уэтэр Анатолий** къызэралъхуэр илъэс 73-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкIэнэр

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIуу щыщытынущ. Махуэм хуабэр градуси 2 - 4, жэщым щIыIэр градуси 2 - 1 щыхьнущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Уаерэ пщаерэ куэд якIуркъым.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэр къыззгъэпэщыныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэру имыІэжу къэлытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэр къызэгъэпэщыныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ» 2014 гъэм мэкъуэгъуэм и 5-м Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм къыдигъэкІа Унафэ №53-РГ-м.

3. Мы Унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м
№137-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыныжьмкІэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным мы унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

2. Къэру имыІэжу къэлытэн «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным 2014 гъэм гъэм накъыгъэм и 29-м къыдигъэкІа Унафэ №46-РГ-м.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м
№138-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъэкІа Унафэ №137-РГ-мкІэ къыщІащ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэм хэтхэр къэщтэным теухуауэ

ХЭТХЭР

Битокъу В. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр *(комиссэм и тхьэмадэщ)*

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр *(комиссэм и тхьэмадэм и къуэдзэщ)*

Алэкъей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іыр и къуэдзэр

Амщыкъуэ Ф. Къ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Профсоюз организацэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщ Іыр *(зэгурыІуауэ)*

Бабаевз А. Щ. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм къэрал кІуныкъум, кадрхэм, коррупцэм пэщІэтыным я Іуэхуэмкіэ и управленэм и унафэщ Іыр

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэр *(комиссэм и секретарщ)*

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм *(зэгурыІуауэ)*

Гъудэ А. Ф. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Аппаратым и унафэщ Іыр

Къэрэмырзэ Б. С. – «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щагъэсэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапіэм и ректорым и кІэлэпхэр зыгъэзащІр *(зэгурыІуауэ)*

Мэкъуауэ А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и къэрал-правовой управленэм и унафэщ Іыр

Муртазов Б. С. - Шэрдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм *(зэгурыІуауэ)*

Рахаев Б. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм экономикэ зыужьныныгъэмкІэ и министрыр

Федченкэ Л. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и унафэщ Іыр и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Эфендиев Ф. С. - «Кавказ Ищхьэрэм Гъуэзджэхэмкіэ и къэрал институт» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щагъэсэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ Іапіэм и проректорыр

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Щіалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыкІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

Унафэщ Іыр
Унафэщ Іым и къуэдзэр
Унафэщ Іым и къуэдзэр
Гъуэгу хозяйствэмкІэ министр Іыр
Узынщагъэр хъуэмэныжьмкІэ министр Іыр
Щэнхабзэмкіэ министр Іыр
ЕгъэджэныгъэмкІэ, щІэныгъэмрэ щіалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министр Іыр
Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ министр Іыр
Граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэхэм ядэлэжьэныжьмрэ лъэпкъ Іуэхуэмкіэ министр Іыр
Щ Іымрэ мылькумрэ я Іуэхуэмкіэ министр Іыр
Щэнхабзэмрэ туризмэмкІэ министр Іыр
Энергетикэмкіэ, тарифхэмкіэ, псэупІэмкІэ Іэнатіэм кІэлъыплъныжьмкІэ министр Іыр
Щ Іыуэпсым и хъугъэфІыгъуэхэмрэ экологиемкІэ министр Іыр
Промышленностымрэ сатумкІэ министр Іыр
Мэкъумэш хозяйствэмкІэ министр Іыр
Спортымкіэ министр Іыр
Ухэзныгъэмрэ псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэмкІэ министр Іыр
Транспортымрэ связьмкІэ министр Іыр
Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэхэмкіэ къыззэгъэпэщыныжьмкІэ, социальнэ дэлэпыкъуныгъэмкІэ министр Іыр
Финансхэмкіэ министр Іыр
Экономикэ зыужьныныгъэмкІэ министр Іыр

Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум увынур къыхэхьныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэр къэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Унафэ

1. Іуащхьэмахуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и къулыкъум увынур къыхэхьныжьмкІэ конкурс езыгъэкІуэкІыну комиссэр къэщтэн мы къыжьІэтыжькІуэхэр хэту:

Алэкъей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр

Кансаевз Е. И. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым РегламентымкІэ, депутат щэнхабзэмрэ Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуІуныжьмкІэ и комитетым и унафэщ Іыр *(зэгурыІуауэ)*

Маккаев М. Хь. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Спортымрэ туризмэмкІэ и комитетым и унафэщ Іым и къуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Сарбашевз С. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщ Іым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм щІыпІэ унафэр зегъэкІуэным и Іуэхуэмкіэ и управленэм и унафэщ Іыр.

2. Мы унафэм къару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Іэтащхьэ
КІУЭКІУЭ Юрий

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м
№139-РГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комитетхэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Регламентым и 22-нэ статьям ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутат Кебеков Владимир Сэфарбий и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Щэнхабзэмкіэ, граждан жылагъуэ Іуэхущ Іапіэм зегъэужьныныжьмкІэ, цІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэмкіэ и комитетым кьыхэхэгъэкІыжьын икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ щІы Іуэхуэмкіэ и комитетым хэгъэхьэн.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№127-П-П

Щ Іыгъуэш Аслъэн Хьэщауэ и къуэр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщ Іым и къуэдзэу гъэувыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

«Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым и 5-2-нэ статьям и Іыхьэ 1-м ипкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и унафэщ Іым и къуэдзэу илъэсих пІалъэкІэ гъэувын Щ Іыгъуэш Аслъэн Хьэщауэ и къуэр.

2. Мы Унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№129-П-П

2014 гъэм и мазибгъуэм кІуиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

2014 гъэм и мазибгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр (адажІэ - республика бюджетщ) зэрагъэзэщІам и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетым хэпльауэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым кьегъэлъагъуэ федеральнэ бюджетым и финанс дэІэпыкъуныгъэ хэмыту республикэ бюджетым езым кьызэригъэпэщ Іыж хэхъуэхэмкІэ планыр сом мин 6598440,1-кІэ е процент 59,6-кІэ, псори зэхэту хэхъуэхэмкІэ планыр сом мин 17032458,8-кІэ е процент 69,4-кІэ гъэзащІа зэрыхъуар. Республикэ бюджетым хэщІхэмкІэ и Іыхьэр сом мин 17975773,8-кІэ е планым елъытауэ процент 60,2-кІэ яГъэзэщІащ. А псоми ятІэ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым унафэ ещІ 2014 гъэм и мазибгъуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр зэрагъэзэщІам и Іуэхукіэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм ищІа отчетыр кьилъытэну.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№151-П-П

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и къэзыбж комиссэм зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещІ**:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и къэзыбж комиссэм хэгъэхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэу Кансаевэ Еленэ Идрис и пхъумрэ Бэчыжь Аслъэн Руслан и къуэмрэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр зыщъыэщаха, а комиссэм и секретарь Ульбашев Мухьэрбий Магомет и къуэр, комиссэм хэта Дадэ МуІэед Алий и къуэр а комиссэм зэрыхэкІыжам кьыхэкІыу.

2. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и къэзыбж комиссэм и секретару хэхьун Кансаевз Еленэ Идрис и пхъур.

3. Мы Унафэм къару егъуэт щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ Іым
ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2014 гъэм дыгъэгъазэм и 23-м
№ 153-П-П

Вакуленкэ Еленэ Владимир и пхъум унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр щхьэщыхьыным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэ

2014 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м
Налшык къалэ №106/1-5

«Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжьмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ къызэгъэпэщыныжьмкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къыщІа Федеральнэ закон №67-ФЗ-м и 29-нэ статьям и 6-нэ пунктым и «а» пункт къуэдзэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Іуэхукіэ» 2003 гъэм мазаем и 18-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон № 23-РЗ-м и 2-нэ статьям и «е» пунктым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэхэм я Іуэхукіэ» 2003 гъэм щІышылэм и 8-м къащта Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Закон №01-РЗ-м и 4-нэ статьям и етІуанэ Іыхьэм и «а» пунктым япкъ иткІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм **унафэ ещІ**:

1. Вакуленкэ Еленэ Владимир и пхъум, комиссэм хэгъэхьэн папщІэ Прохладнэ муниципальнэ районым щІыпІэ унафэр зегъэкІуэныжьмкІэ и советым кьигъэльэгъуам, унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къалэнхэр полномочиехэр щиухьнырэ кьэмысу щхьэщыхьын езым Іэхъу кьызэриятхам кьыхэкІыу.

2. Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и къулыкъуу хуит къэхъужам ягъэувынум теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыІахыр хэІуцІыу щІын.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и хъыбарегъащІэ тхыгъэр хэщтэн (унафэм щІыгъущ).

4. Мы унафэр цІыхубз хъыбарегъащІэ Іуэхущ Іапіэхэм кьытрегъэдзэн икІи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм Интернетым щІиІэ сайтым илъхьэн.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Унафэщ ДЖЭШ Вячеслав
Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм и Секретарь
АТМУРЗАЕВЗ Ириней

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 25-м къыдигъэкІа унафэ № 106/1-5-мкІэ къыщІащ

Хэкіыжам и пІэкІэ унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хагъэхьэнум теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьеІыхьыным хуэгъэзауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм кьит хъыбар

Унафэ къэзыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм хэтым и полномочиехэм и пІалъэр кьэмысу зэрыщхьэщахам кьыхэкІыу, «Урысей Федерацэм и цІыхухэм хэхьныгъэхэмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ референдумым хэтыныжьмкІэ я хуитыныгъэхэмрэ кьызэгъэпэщыныжьмкІэ щэсыпІэ нэхъыщхьэхэм я Іуэхукіэ» 2002 гъэм мэкъуауэгъуэм и 12-м къащта Федеральнэ закон № 67-ФЗ-м и 26-нэ статьям и 6-нэ пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэм хэлъхьагъэ унафэ кьызыщтэхэм ящыщу Прохладнэ щІыналъэ хэхакІуэ комиссэм щІэуэ хагъэхьэнум теухуауэ кьыхалъхьэхэр кьызэрыІихьыжкІэ.

Документхэр мы хъыбарегъащІэм кьыщытрадзам щегъэжьауэ махуэ 20-кІэ кьыщыІахьнущ мы адресымкІэ: КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, унэ № 27, пэш 151. Телефонхэр: 40-64-96, 40-26-88.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Хэхакіуэ комиссэ

• ТекІуэныгъэ-70

Былымгъуэт Хъусен и гъуэгуанэ гугъу

Илъэсипщ Іэ зыбжанэ хъуауэ къадекІуэкІ хабзэфІым Быльымгъуэтхэ я лъэпкъыр тІкІийуэ тетщ. Хэку зауэшхуэм ныдэжьу хэта Быльымгъуэт Хъусен и бынхэм, и къуэрылъхуэм, абыхэм къатепщІыкІыжахэм илъэс къэс ТекІуэныгъэм и махуэм я къуажэ Хьэтуей (Старэ Урыху) дэт фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьэ.

ДИ �щХьэХуитыныгЪЭМ зи псэр щІэзытахэм я фэеплъыр школ пщІантІэм щагъэуваш. Щ Іыхьым и МафІэ мыужьыхьжьым дэж накъыгъэм и 9-м щызэхуэс къуаждэсхэм Хэкум и хъумакІуэхэу зи насып кьихьу къэзыгъэзэжахэри, цІыхубз хозяйствэр зэфІэзэувэжьым зи гуащІэшхуэ кьэзылъхьахэри, яГуэтэ фэбжьым игъуэ нэмысу ихьахэри ягу кьыщащъэкІыж.

Былымгъуэтхэ ящыщу Налшыкрэ республикэм и нэгъэщІ щІыпІэхэмрэ щыпсэуэхэр щэкІуэгъуэгъэ кІуам и 24-м аргуэру я адажь лъапсэм щызэхуэсыжат лъэпкъым и цІэфІ жезыгъэІа Хъусен кьызэралъхурэ илъэсищ зэрырикъур ягъэлъэпІэну. Ветераным теухуа тхыгъэрэ суэту газет зэмылІэужьыгъуэхэм кьытехуахэр, кьыхагъэфэща кьэрал дамыгъэ лъапІэхэр - Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщІэр, «Германием дыззэрытекІуам папщІэ», «Японием дыззэрытекІуам папщІэ» медалхэр, нэгъэщІхэри, зэІэпахыу, фэеплъ лъапІэу хуэсакъыу и щІэблэм яхъумэ.

Тхыгъэхэм ящыщ зым дыкъыщІоджэ: «И унагъуэмрэ и кьуэ щыпэлъэу Борисрэ кьиГьанэри, и къуэшитхум - Забыт, Жамболэт, Хьэсэн, Хьэжысмел, Сулътан сымэ ящыГъуу, Быльымгъуэт Хъусен зауэм и ялэ махуэхэм езым и лъэІукІэ фронтым кІуам. Абы и пэкІэ шуудзэм кьупыкъу щищІати, Іуэхум фІыуэ зэряхущІыкІыр кьалъытэри, Налшык къалэ военкоматым и унафэкІэ, 56-нэ дивизэм и 155-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу полкым взводым и командиру хагъэхьащ, Ростов дэж щІэзуащ. ИужькІэ, фочауэ дивизэм хэту, фашист зэрырихьуэкІуэхэм япщІэтащ, тІасхъщІыжу щыГъащ, щэнейрэ хьалъэу уІэгъэ хуэщ, уІэгъэщхэм зыщигъэхъужащ. ЗыкъиужьыжькІэ нэужь, гвардием и лейтенант нэхъыщІэм Байкал щІыбым кьупыкъу щищІащ, 1945 гъэм и щыщхьэуІум японхэм я Квантун дзэм Маньчжурием щезэуащ».

Хъусен куэдрэ игу кьигъэкІыжыртІасхъэщІэх взводым и командиру щыту, зи чэзу хьалэн гугъэр хъарзынэу зэфІагъэкІуэу зыщагъэпсэху зэманым, гъунэгъу кьахуэхъуа дзэ частым хэт и шынэхьжьым зэрыхуэзауэ щытар. «Командирыр ешащ», - жиІэу иукъуэдиуэу, зауэлІ ныбжьыщІэм ар щІыунэм щІигъэхьэртэкъым. Хъусен и шынэхьжьым Іэплъеишэкіэ иригъэблагъэри, пщэдджьжь пщІондэ кьэнэну елъэІуат, ауэ Хъэсэн батальоным и политрукти, и сэлэтхэм ящІыгъун хуейт. ПІалъэ кІэщІкІэ зэрыльагъури, зэбгьадэкІыжащ, иужькІэ ахэр зэи зэхуэзэжакъым...

1943 гъэм Жамболэтрэ Хьэжысмелрэ, кьыкІэлъыкІуэ илъэсым Хъэсэн зауэм хэкІуэдащ. Вагъуэ Плъыжь орденым, Хэку зауэ орденым и етІуанэ нагъыщІэм, медаль куэдым и бгъэ ягъэдахэу, зэшхэм и нэхъыщІэ Сулътан 1945 гъэм отпуск къэкІуэжауэ щытащ. Батальоным и командирым и къуэдзэ, гвардием и капитан Быльымгъуэт Сулътан, зэдарэгъу кьэралъхэм Австриием щызэхаша дзэм хэту, Венэ кьалэр хуит кьыщІыжащ. Командованэм и унафэхэр зэпэщу зэригъэзэщІам папщІэ, дзэзешэхэм хуагъэфащэ дамыгъэр - Невский Александр и орденыр - кьратащ. 1946 гъэм и мэлыжьыкъ маззм Быльымгъуэтхэ я унагъуэм кьыхэкІыгъуэ фронтым щигъуэта уІэгъэхэм Сулътан зэрихьам, Австриием и кьалащъхьэм зэрыщыщІалъхьам теухуа хъыбар гуауэр.

Зэшихьм ящыщу кьелар Забытрэ Хъусенрэщ. Зауэм и пэкІэ артелым и унафэщІу, «Къэббалъкъэлпотребсоюз»-м и тхьэмадзэм и кьуэдзэу щытати, къигъэзэжа нэужь, Хъусен кьуажэ Іэхъухэм зритыжащ, губгъуэ-трактор бригадэм и бригадиру, Тэрчокъуэм и цІэр зыфІащыжа «Шэкэр» колхозым и парт организацэм и секретару лэжьащ.

Хъусен кьуажэ советым и Іэтащхьэ, колхоз тхьэмадзэм и кьуэдзэ кьулыкъуэр ирихькІащ, Щэнхабзэм и унэ, Іэщ комплекс, сабий гъэсапІэ, еджапІэ я жьлэм зэрыщащхуам, унагъуэхэм газыр зэрыхуашам и фІыщІэ куэд хэлъщ.

УнафэщІ гумызагъэм и сурэтым рес-публикэм и ЩІыхь пхъэбгъур игъэбжьыфІащ, КъБАССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и ЩІыхь тхьилъыр, «Лэжьыгъэм кьызэрыхэжаныкІам папщІэ», «Къигъэльэгъуа гуащІэдэкІ льагэм папщІэ», «Лэжьыгъэм и ветеран» медалхэр, ВДНХ-м и дыжьын медаль кьыхуагъэфэщащ.

И кьуажэгъуэхэм, нэгъэщІ щІыпІэхэм щыщхэми псалъэ гуапэ куэд Хъусен хужаІэ, цІыху ткІийуэ, ауэ захуагъэм и телъхьэу зэрыщытар, жьлэм дэсхэм я дэІэпыкъуэгъуу, гуауэ зиІэжэм я щІэгъэкъуэну кьызэрыгъуэгурыкІуар Іэфіу ягу кьагъэкІыж.

Хъусенрэ и щхьэгъусэ Машэрз бынипщІ зэдапІащ. Борис и Іэщ Іагъэр адзэм и чэнджащкІэ кьыхихащ: «Кьызэдаіуи, дохутыру елжэ. Ар сыт хуэдэ зэмани цІыхур зыхуеиж», - кьыжриІэгъат. Апхуэдэ щІыкІэкІэ а Іэщ Іагъэр кьыхихащ, медицинэ щІэныгъэхэм я доктор, профессор хъуащ. Борис Урысейм естественнэ щІэныгъэхэмкІэ и академием и академикщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щІыхь зиІэ и дохутырщ, республикэм Узынщагъэр хъуэмэныжьмкІэ и министерствэм и нейрохирург нэхъыщхьэу илъэс 25-м щІигъукІэ лэжьащ. А зэманым кьриубыдэу хуэзэфІэкІар мащІэкъым. Къапщтэмэ, сымаджэм хэхауэ икІи псынщІэу щеІэзэ иджырей нейрохирургие хэщІапІэ щыхьэхуэ республикэм кьыщызэгъэпэщащ, псаитхуэм пыщІа операцэр гугъуэхэр ящІу хуежьащ. Профессор Быльымгъуэт Борис Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди къэралым и щІыпІэ куэдым щыщ цІыху минкъм я узынщагъэр зэфІегъуэвэжащ, нейрохирург щІалэхэр игъэхьэзыращ, хыр медицинэ щІэныгъэхэм я кандидатщ.

Хъусен и бын нэхъыщІэхэри я лъэпкъым хуэпэжу кьызэдогъэгурыкІуэ. Заур колхозым хэтащ, иджыпстуи щІым толажьыкъ, зэш-зэбгьнэхэр щІэх-щІэхьыгъэ щызэхуэсыж я адэжь лъапсэм исщ. Станислав техниктехнологщ, жылагъуэ шхапІэхэм зегъэужьыным и гугащІэ куэд хилъхьащ, Юрэ инженер-ухуакІуэщ, Налшык къалэм и псэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и Іэнатіэм илъэс щэщІым щІигъукІэ пэрытащ. Риммэ и Іэщ Іагъэкіэ экономистщ, Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш академием щригъеджащ, мы зэманым Лэжьыгъэмкіэ, цІыхухэр Іэнатіэкіэ кьызэгъэпэщыныжьмкІэ министерствэм щыІэщ, Ритэ сабий садым и гъэсакІуэщ.

ЩІэблэ узынщэ кьыщІэхъуащ Хъусен. Ахэр пщІейм щІегъури, нэхъыжьхэм я лІыгъэм иригуащхуэу, зауэм и ветеранхэм я щапхъэмрэ я цІыхугъэ лъагэмрэ я ГуащІэу мэлажьэ, мэшхэж. Хъусен и кьуэрылъху псоми щІэныгъэ нэхъыщхьэ яІэщ, гъащІэм зыщыкъуей Іэщ Іагъэ зрагъэгъэтащ. Ислъам лІы нэсым и щапхъэ кьиГьэлъэгъуащ - уІэгъэ зэрыхьуауэ, щІэпхъэджащІэ бзаджэ иубыдащ. Оксанэ сурэтыщІмодельерщ, и адэшхуэр кьызэралъхуэр ильэсищэ зэрырикъум теухуа и выставкэр Мэзкъу щыІэ Лъэпкъым я унэм щигъэлъэгъуащ.

- Ди адэ-анэм гунапкъэншэу дахуэразэщ. Унагъуэмрэ жылагъуэмрэ я зэІуэзэпщыныгъэм кьэмылэнджэжу телэжьащ, дапІащ, гъуэгу захуэ дытрагъэхьащ. Абыхэм кьызэдагъэшІащ ди щІэблэм я дежьІэ щапхъэ гъуэзэджащ, - жаІэ Борис.

- Зауэм, абы щызэриха лІыгъэм тепсэлъыхьыну ди адэм фІэфІтэкъым, ауэ ТекІуэныгъэ Иныр щыдгъэлъапІэ махуэм, Накьыгъэм и 9-м, и къуэш, и ныбжьэгъу хэкІуэдахэр игу кьыщигъэкІыжкІэ, и нэпсыр кьыфІекІуэр. Ар цІыху пэжт, захуэт, кьызэрыгъэкІт, хэкупсэ, интернационалист нэст. Зэхэгъэж иІэтэжьым - фронтым Іута псори абы и дежкІэ зы лъэпкъыт - совет зауэлІт. 1992 гъэм ди адэр дунейм ехыжащ, ауэ абы и дерсхэр ноби тщыгъупщэркъым: «ЦІыхухэм фІыкІэ фахуэупсэ, гуапагъэ влэжь. Нэхъ цІыху гугъу дыдэми гуапэу фыхущытмэ, зы зэман къьфІъысыжынщ», - жиІэрэйт.

- Дунейм ехьжар ди гум илъыху, абы и псэр тщІыгъу кьалъытэ. КьыздекІуэкІ хабзэфІыр ди щІэблэм сакъыу яхуэмэну, гъэхэм кьадэбжьуэрэ, ТекІуэныгъэ Иныр илъэсищэ щрикъу махуэм Быльымгъуэтхэ кьатепщІыкІахэр Хьэтуей кьуажэм щызэхуэсыжу, Хэкум и кьуажэхэр ягу кьагъэкІыжыну, ди щхьэхутынигъэм зи псэр щІэзыта заузлІхэм я феплъым удз гъэгъахэр тралъхьэну дыщогугъ. Абы ди унэцІэри тетщ, - кьыхэгъэщ Іож, апхуэдэу къызэрыщІэкІынум шэч гуэри кьытрамыкьэу.

КЪУЛЕЙ Нурхъан.

Былымгъуэтхэ.

● Абы дегъэпІейтей

Дапщэщ ди къэралыр зэІузэпэщ щыхъужынур?

**Нобэрей гъащІэр лэгъупыкъу плъыфабэщ. Зы лъэныкъэкІэ тыншыгъуэ куэд къыхьыхьами, нэгъуэщІ лъэныкъэкІэ дызыгъэпІейтеймрэ гуныкъуэгъуэ дыхэзымыгъэкІымрэ куэдыкІейщ. Къэтщтэнщ фадэр. Дэнэу пІэрэ фадэр зи нэрыгъэхр къыздикІар? Псом хуэмыдэу мы Іуэхур къыжаІэм нэхъ щыстщ. Я ныбжьыр илъэс щэ ныкъуэм нэмысауэ ди къуажэдэс щІалий иужьрей илъэс зытхухым фадэм ихьащ. Адрей къуажэхэми я Іуэхур нэхъ щІагъуэу си гугъэхьым. Ар лъэпкъыр хуэмурэ зыІэщІэзыльхьэ узыфэ шынагъуэщ. Ярэби, ди къэралыр щІалэгъуалэ узынщэ хуэмеижу арауэ пІэрэ? Армырамэ, мы Іуэхуэр унафэ тэмэщ щІимыІэр сыт? Къэралым и къэкІуэнур зэлъытар къыщІэхъуэ щІэбгъэ аракъэ? НтІэ щхьэ апхуэдизу кІэрыуТыпщ ищІа ахэр?

СИ УПЩІЭХЭМ я жэуапхэр къэбгъуэтын папщІэ Іуэхум и къежьапІэм къыщыщІэбдзэн хуейщ. Илъэс тІощІыбрипщІ и пэкІэ Іэнатіэм пэрыта къулыкъущІахэр я щхьэхуэфІагъэм щхьэгъуалэ щІалэрГуалэм я гъэсэныгъэр лъэныкъуэкІэ къанэри, ахэр уэрамым кьыданащ. Лэжьыгъэншэ -гугъапІэншэу къэна, гъэсэныгъэ зымыгъуэта, зи гупсысэр иджыри зэфІэмыуавэхэр Іэ Іейм Іэрыхьэри, зэрыхуейуэ зэблашащ. Нэхъ шынагъуэрэ, абыхъм гущІэгъуныпэ дыдэхэр къэхкІащ. Гъэгу пхэнжыр къыжэзыхам къебгъэгъэзэжыныр, къыззэрагъапІэр гурыбгъэІуэныр тыншкъым. А щІалэхэм ямыщІэ хуэдэщ илъэсищэм щІигъукІэ екІуэкІа Урыс-Кавказ зауэм ди цІыхухэм къахуихьа тхъэмыщкІагъэм и инагъымрэ гуэзвэгъуэм и куугъымрэ. ЩІы Іыхьэу тфІэкІуэдар къэнауэ, абы лъэпкъыр зэкъуиудащ, псэуэ ухэнахэм я нэхъыбапІэр хэкум ирагъэкІри дунейм трапхъащ. Зауэм кьишэ гуэзвэгъуэр ди щІэблэм кьагурымыІуэр пэж? Сыт адырэм адырэ щІиукІыжьр? Лъэпкъым лейуэ кьытехьар яфІэмащІэ? Унагъуэ дапщэ гуІэжу къэна? Сабий дапщэ зеиншэу кьагъэтэдджыр? Адэ-анэ дапщэ гуауэм иригъэтІысэха? ЦІыху хей букІ хъуну-тІэ? КъурІэным итыр лей зепхэ, цІыху букІ зэрымыхъунур, ар зыІэщІэщІам жьыхьэнмэ мафІэр кьыззэрыпэплъэр аращ.

Хуабжьу сегъэгумэщІ иджырей щІалэгъуалэм фадэрэ афиринкІэ, нэхъ икІэжращи, ахъшэкІэ зыкърагъэзагъапІэу я напэр зэращэжьам. Ауэ абыхэм къадэІэпикъумрэ ахъшэ Іэмыщ1экІэ къахуизыкІытымрэ зэкІэ гурыІуэгъуэкъым. Фадэм дихьэха кьуажэдэсхэм я дежкІэ къэдгъэззэжмэ, ахэр зыхуэкІуа щытыкІэм и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр жьлэм лэжьыгъэ зэрыдэмылъырщ. Совет зэманым кьуажэдэс щІалэгъуалэр хэти губгъуэм щыІалъэхэт, хэти Іэщ гъэхъуным щыІалъхьэт, ахэр ымылажьэу властым идэртэкъым, лэжьыгъэ уимыІэмэ, кьыпхуигъэтынут. Иджы щхьэж и щхьэ закъуэ Іуэху дегъэкІыжри зэфІэкІащ. Уи гур мэуз пщэдджькъэ зэшхэм фадэрыхьжьхэкъэр, лэжьапІэ кьыкІэрыхуэм хуэдэу, пІащІэу зэхуэсу щыпІъагъукІэ. Узыншагъэм и зы нэщэни зыдумылъагъэ а тхъэмыщкІхэр щІыху сэфэтми итыжкъым. Махуэ псом кьаІэну яІэр зыщ - фадэжькъэ уасэ кьагъуеиныр. Ар адыгэлІым дежкІэ емыкІуцхуэщ.

Фадэр адыгэм ди мыгъуагъэшхэуэ, Іэщэнщэу Іьапкъым зеукІыж. Фадэм щхьэпрыкІауэ афиныр нэрыгъ зыщІа-хэм я Іуэхур нэхъ Іеижщ. А тхъэмыщкІхэм кьагурыІуэркъым я узыншагъэм зэрипсэхэкІыр. Унагъуэри, щхьэгъусэри, кьэралри апхуэдэ цІыху хуэныкъуэжкъым.

Адыгэ жьлэхэм ефэрейхэр щыкуэдми, кьуажэм дэсын гуращэ яІэу, щІы зэрахьэу, я унагъуэхэр зыхуей хуэзыгъазэ щІалэфІхэр щыпІъагъукІэ уогуфІэ. Ауэ гуащІэшхэр халъхьэу зэрахьэ щІы тІэкІум кьытрахьим кьахуищІышхуи щыІэкъым, бэдзэнд уасэу и нэхъбэр мэкІуэжри, абы я Іэпкъыпхьэр щІегъапІэ.

УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм мыльку зэгъэзэхуэкІэщІ кьигупсысауэ, сом триллионым щІигъу ильэс зыбжанэм кьриубыдэу кьыззэрыдигъэхуэну и мурадым теухуа тхыгъэ иджыблагъэ «Адыгэ псалъэ» газетым тетащ. Сыт хуэдэу пІэрэ абыхэм мыльку кьызэрыдагъэхуэнур? ЦІыхум и пенсэ кІуэгъуэ ныбжьыр хагъахъуэкІэрэщ, сабий етІуанэ зыгъуэт унагъуэхэм ират мыльку кьыдагъахуэкІэрэщ. КьызэрыщІэкІымкІэ, нэгъуэщІ ахъшэ кьыдэгъэхуэкІэ ди къэралым ищІэркъым. Финансхэмкіэ министерствам щылажьэхэм ахъшэ кьыдагъэхуэкІэ ямыщІэмэ, езыхэм я улахуэр зытІэкІыкІэ фІэкІа нэхъ мыхъуми, ягъэмэщІэн хуеящ. ЦІыхур цІыхум щысхьэ, цІыхущхьэр ди деж лъапІэ щыхъумэщ ди къэралыр зэІуэзэпэщ щыхъужынур.

НЫБЖЬ Мышэ,
Болэтей къуажэм и Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ.

Дэтхэнэр нэхъ фейдэ?

Адыгэбзэкіэ кьыдэкІ мы ди газетыр (и Іуэху-ІэкІуэжамэ, и инагъ-цІыкІуагъкІэ зэрыщытуагъ кьэнэжащ) илъэс зыкъом ипэкІэ зи уасэу щытар кІэпІейкІитІщ. Дауи, абы щыгъуэ зекІуэу щыта ахъшэмрэ иджыреймрэ зэхуэдэжкъым. Ахъшэр нэхъ пуд зэрыкъуар хэти кьыгурІуэ. А зэманым кьыщежьэри, хагъахъуэурэ кІуэщ газетым и уасэр. СощІэж, си адэ-анэм кьагъэхьу щыта, адыгэбзэкІэ тедза газетым школым сыщІэтІысхьагъащІэу сыкъеджэу зэрыщытар. Куэди кьизджыкІ кьыщІэкІынтэкъым абы сэ сысабийти, ауэ, зэрыхъуркІэ, ятххэм щыгъуазэ зысщІырт. Абы лъандэрэ мы газетыр, цІэуэ сыт фІамыщами, си Іэпэгъущ. Абы и мызакъуэу, зыкъом щІауэ Іэ тызодза нэрыуэщІ газетхьмрэ журналищымрэ. Седжэну сыхуейщи, кьыззхьэлъэкІыркъым илъэс ныкъуэм абы щІэст уасэр.

АР СЭ си щхьэм теухуауэ. Ауэ сэ си закъуэкъым газет кьезыгъэхьри еджэри. Ипэм ижьауэ псоми газет тредзэу щытащ. НэгъуэщІ мыхъуми зырыз тредзэрт. ТІуи нэхъыбэ тезыдзи щыІэт. Ди жагъуэ зэрыхъущи, илъэс зыбжанэ хъуауэ абыхэм я бжьагъэм кІэрокУ. Иджыблагъэ, газетым Іэ тедзэн и пІ кьихуэу, пощтым сыщыщІэупщІат, Іэ тезыдзэм я бжьгъэр зззгъэщІэн си гугъэуи, зэхьзагъэхэр си гуапэ хъуакъым. КъызжаІат газет нэхъ тезыдзэр пенсионерхэрауэ. Абыхэми дауэ зэрытредзэр? Іэ тедзэгъэр кьэсамэ, я пенсэм газет уасэр хагъэкІ, езыхэр хуэмейуэ хагъэхьых хуэдэ, зрагъэщІэгъуэкІыу. Ар, дауи, кьызыхьжькІыр тедзапщІэр кьаззэрехьэлъэкІращ. Хэт и дежкІи гурыІуэгъуэ си гугъэщ ныбжь зиІэ ди нэхъыжьыфІхэм адыгэбзэкІэ кьыдэкІ газет закъуэ «Адыгэ псалъэр» фІыуэ зеразлъагъур, дэтхэнэри абы еджэну зэрыхуейр.

Арщхьэкіэ, яфІэльапІэІуэщи аращ Іэмал зыхуамыбгъэтыр. Нэрыгъыу газетыр тезыдзэ зэкъуэтІакъуэм хуэдэу, фІыуэ зыльатіу псори уасэм пэльэщыркъым, газет еджэн щагъэтыж. ЖаІэ хуэдэщ: «Абы и уасэм щІакъуэ дапщэ кьыхсхущІэкІынур? Газетыр симыІэми сыпсэуфынщ». Сэ сыкъапщтэмэ, илъэс ныкъуэм абы и уасэм зыхуэзгъэныкъуэфынущ а газетым кьижджьІынум щхьэкІэ, ауэ Іуэхур аракъэ, нэгъуэщІ гупсысэкІэ зиІэхэри щыІэщи.

Иджы, мы нужьрей Іэ тедзэгъуэм Іуэхур зэІыхьэпащ. «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 839-рэ кІэпІейкІэ 88-рэ хъуати, газет еджэжэр ІуигъащІ. Щыпсэуэм пэгъунэгъу пощт Іуэхуищ1апІэхэм газетыр кьыІахьыжьмэ, сом 569-рэ кІэпІейкІэ 97-рэ жиІэу кьытрадзащ газет тедзэгъуэм. Хэт зи фІэщ хъунур кьуажэдэсыр, и Іуэху кьитгъанэу, пощтым кІуэурэ и газетыр абы кьыщищтэжыну. Е пощт Іуэхуищ1апІэр цІыху дапщэ зыпэгъунэгъур? Газетыр зи нэрыгъым абы хуагъэуэ уасэм щхьэкІэ кьитгъэнэнукъым Іэ тридзэн, ауэ цІыху псори зэхуэдэкъыми, къэзыгъани куэду щыІэщ.

«Мыпхуэдизщ» жьыІэну сэ сщІэркъым дапщэми, ауэ гъэкІэ газет тезыдзэу щытам и зэхуэдитІыр кІэрыхуэщ занщІэу. Ар сэ си кьуажэ Къулькъужьын Ищэм и закъуэу. Адрей кьуажэхэм е кьалэхэм я Іуэхур дауэ зэрекъуІэр?

Ми тхыгъэр щІытрезгъадзэр газетым щІатыну уасэр цІыхум кьехьэлъэкІ зэрыхъуар си жагъуэщи аращ. Газетым и уасэр ягъэмащІэмэ, и ущхьэр хуэмыгъэпсэужьынур хэлъ Іуэхум? Уасэр кьэпІэтынри хэкІыпІэкъым. СыттІэ Іэмалыр? А Іуэхуэр сэркІэ зэпкърыкъа зэрымыкьуэр сощІэ, ауэ лъэпкъым и щІэдэйм гуащхьэ хуэмІэ дэтхэнэми хуэдэу, сэри сигу кьэмыкІыу кьанэркъым мыпхуэдэу: «ЦІыхухэм газет еджэн щагъэтыжыну пІэрэ и уасэм зиІэта щхьэкІэ?»

Иджы сэр-сэру сызоупщІыж: «Къэралым и джжкІэ зэхъуэкІ дэтхэнэра - газетым и уасэр нэхъ лъапІэ ящІынра хьэмэрэ цІыху нэхъыбэм Іэ традзэнра?»

НЭХУЩ Хьэжпагуэ.
Къулькъужьын Ищэ къуажэ

Вагъуэр щІылъэми щолыд

● Япэ итахэр

Я Іэщ1агъэр литературэмрэ гъуэзджэмрэ ирапхауэ Жанхъуэтхьэблэ жылэжьым, иджы Псыгуэнсукіэ зэджэм, кьыдэкІам хуэдиз зиІэ нэгъуэщІ зы къуажэ Къэбэрдей-Балъкъэрым иту кьыщІэкІынкъым. Куэд мэхъу аэхэр: драматург щэджащэхэу Къардэнгъущ Зырамыку, Акъсырэ Залымхъан, Мысачэ Петр; артист Іэзэхэу зэкъуэшхэу Сонэхэ Мухьэрбийрэ Баширэ, Болэ Мурат, Кардэн Хьэкіуцэ, Мэкъуауэ Фатімэ, Мысостышхуэ Пщыізэбий, Шэрыіужь Анатолэ, Мэкъуауэ Николай, Балъкъэ Валерэ.

ПСЫГУЭНСУ дэсащ Мыкъуэ Хьэщэкіэ еджэу лІы гушыІэрей. Пэжщ, Мыкъуэр артист Іэщ1агъэм хуеджатхъыкъым, ауэ Тхъэм абы зэчий кьыбгъэдилъхьат. Хьэщэ ажэгъафэу зэрыджэгум еплъын папщІэ, кьуажэ гъунэгъуэхэм кьикІыуэр щІыхуэ щытащ.

1935 гъэм егъэджакІуэ ФІыцІэ Хьэсэнбий щІалэгъуалэ гуп зэхуишэри, «Зэрылэрэ Зулийрэ» зыфІащ щапхъэкІэ кьуажэ клубым щагъэуват. Абы хэтащ Кьардэнгъущі Зырамыку, Сонэ Башир, Кьардэн Хурирэт сымэ. Спектаклым кьрихьэлІат Іуэхуікіэ кьуажэм кьеблэгъа Кьалмыкъ Бетlал. Ар утыкум кьихьэри, артистхэм кьеэхуэхуащ: «Мы фэ нобэ ефхьэжьа Іуэхур жылагъуэм дежкІэ мыхьэнэшхуэ зиІэщ. Ар щапхъэ яхуэхъун хуейщ адрей кьуажэхэмри», - жиІат. А илъэс дыдэм, 1935 гъэм, Лучарскэм и цІэр зезыхьэ театр институтым (Москва кьалэ) комиссэ къокІ, еджапІэ нэхъыщхьэм щІагъэтІысхьэну цІыху зэчиифІэхэр кьыхахьыну. Кьалмыкъ БетІал и чэнджэщкІэ хьэщІэхэр Шортэн Аскэрбий Псыгуэнсу кьеІэ. ГИТИС-м щеджэну зыхуагъэсащІахэм ящыщщ Кьардэнгъущі Зырамыку, Сонэ Башир, Болэ Мурат, Хьэсанэ Хьэбашэ, Шыбэхьуэ Къэралбий, Балъкъэ Тамарэ сымэ.

Къэбэрдейм икІа студентхэм щапхъэ я кьагъэльагъуэу, фІыуэ еджэу щІадзэ япэ махуэм щегъэжьауэ. Псалъэм и хьэтыркІэ, Кьардэнгъущі Зырамыку Сталиным и цІэкІэ ят стипендиер кьратащ, и ехъулІэныгъэхэм Москва радиор тепсэлъыхьащ.

ИкъуІэ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъа артистщ Сонэ Мухьэрбий. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухэрэ илъэс 400 щрикъур ехьэжьауэ Москва щагъэлапІэрт 1957 гъэм. Абы щагъэлъагъуат Гоголь Николай и «Ревизор» пьесэм кьытращІыкІа спектаклыр. Пьесэм Городничиймэ и ролыр щызыгъэзэщІа Сонэм и джэгуІэр москвадзэсхэм апхуэдизкІэ ягу ирихьати, театр лэжьакІуэ цІэрыІуэхэм ятхаху. Городничиймэ и образыр Совет Союзым и утыкум нэхъыфІу кьизыхьэфа артистхэм Сонэр зэращыщІыр. Ещхьыркъабзэу, зэчий бгъэдэлъащ Кьардэн Хьэкіуцэ. Абы Гоголым и «Фызышэ» спектаклым Агафье и ролыр зэрыщІэзыщІагъэ гуимыкІыжт. УФ-м и цІыхубэ артисткэ ДыщэкІ КІуэ гуапэу игу кьегъэжьыж: «Утыку итыкІэм, абы уэзрихьэну-уэзэрикІыжьынур. Іеуэуауэ тепльэгъуэ кІэщІ дагъэгъэхьэзырыт. Дызыгъасэм Хьэкіуцэ жреІэ, и лоретеемэ саугъэт кьихьа хуэдэ зыкъигъэлъэгъуэн хуейуэ. Куэдри мыгупсысэу, Хьэкіуцэ тхылъымпІэ гуэр шияуэ иІыгъыу утыкум къоладэри: «Фыкьызэхэзыгъэ хьунущ, си лотереем къихьащІ», - жеІэ. Псалъэ кьызэрыгъэкІ дадэ ягъэ. Ауэ, апхуэдизкІэ гушхуэныгъэ хэлъу ахэр Хьэкіуцэ жиІати, уи фІэщ мыхьункІэ Іэмал иІэтэкъым».

Дэтхэнэми хуэзфІэкІыркъым Театр институтыр кьиуахьну. Шыгъуэ Анатолэ хуэзфІэкІащ ар! Актер Іэщ1агъэр зригъэзгъэтами, абыкІэ игу мызагъэу, Шэрыіужьым режиссурэ факультетри кьихьжьауэ щытащ. И Іэзагъыми илъэс куэдкІэ дыщыкІэлъэпІплъащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Музыкэ театрым. Анатолэ и оперэ спектаклкъэр нобэми театрым и репертуарым хэтщ.

Хьэмэрэ хэт зымыщІэр Болэ Мурат Лениным и ролыр икъуІэ Іэкіуэлъакіуэу игъэзащІэу зэрыщытар?! Абы теухуауэ мыпхуэдэ хъыбар хъэлэмэт щыІэщ. Зэныбжьэгъу лІыжьитІ «Кремлым и сыхьэт хьеуэхэр» спектаклым еплъауэ театрым кьыздикІыжьым, зым и Гъуэсэм зыхуигъэзащІ: «Уэлэхьи, Хьэмид иджыри къэс сэ сымыщІа Ленининыр зэрыздыгъэр», - жиІэри.

Псыгуэнсу артистхэм я щэхъэм ущытепсэльыхькІэ кьыпщІыгупщэ хъунрэ ущыльэн лъэныкъуэ куэдкІэ зэчий зыбгъэдэль артист щэджащэ Мысостышхуэ Пщызэбий. Ар кинокатерт, режиссерт, художественнэ кьеджэнкІэ зыхуэзбгъадэ хъунум уигъэльыхьуэнт. Щоджэнцыкіу Алий и «Къамботра Пацэрэ» поэмэм кьытращІыкІа спектаклыр, зэрытщІэжщи, Пщызэбий Адыгэ театрым щигъэзыри, ехъулІэныгъэ иІэу илъэс куэдкІэ щекІуэкІащ, Музыкэ театрым и утыкури куэдрэ игъэбжьыфІащ. Асафьевым и «Бахъшысэрей псыутхэм» кьыщыфэу Кьардэн Іэбзуэд сыт хуэдизрэ дигъэгушхуа?! Хьэмэрэ Хулиганым (Шостаковим и «Барышня и Хулиган» спектаклым) и ролри абы дэгъуэу зэрыгъэзащІэу щытар хэт зымыщІэжыр?!

ЕхъулІэныгъэкІэ ГИТИС-р ухэнухьу артист Іэщ1агъэр яІэу Къэбэрдей-Балъкъэрым зэгуэр къэзыгъэзэжа цІыху 37-м ящыщу 7-р Псыгуэнсу кьуажэм кьызэрыдзкІам дэ дегъэгушхуэ, зэрыжаІэу, ахэр ди вагъуэщ, ди набдзэщ, я цІэр тщыгупщэ мыхъунщ.

ЯХЭГУАУЭ Берд.

● Іэщ1агъэлІхэр

ЦІыхур зыхуей лэжьыгъэ

Бжьыхьэ кІуам илъэс 20 ирикъуащ Кавказым ис лъэпкъхэм ятеухуа я Іэдакъэщ1экІэр Котляровхэ Мариерэ Викторрэ кьыдагъэкІын зэрыщІадзэр. Абыхэм къалэн мыпыш зыхуагъэувыжащ: щыналъэм и тхьдэ пэжыр къэгъэщІэрэщІэжьнымрэ абы цІыхубэр щыгъэгъуэзэнымрэ.

1999 ГЪЭМ къыщыщІдзауэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ тхылъ тедзапІощІэ яІэ хуэщ, «Полиграфсервис и Т» фІащауэ. 2006 гъэ лъандэрэ тхылъэр зэщхьэгъусэхэм кьыдагъэкІ «Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэ» фІэщыгъэм щІэту. Тхыдэр, лъэпкъхэм я псэукІэр, ди щІыпІэ къэмыхуэтхъаужр, цІыху цІэрыІуэхэр - абыхэм теухуауэ Мариерэ Викторрэ кьыдагъэкІа тхылъхэм я бжьгъэр мини 3-м щІегъу. ЗэрытщІэщи, абыхэм ящыщу нэхъ цІэрыІуэ хуэар «Кавказ» кьыдэкІыгъуэрщ (апхуэдэу томи 10 бжьыгъэр дунейм кьытехьащ). Мынэхъ мащІэу, цІыхухэм яфІэгъэщІэгъуэну ядж «Этнос, экскурс, орография в текстах и фотоматериалах» рубрикэм щІэту кьыдэкІ «Народы Кавказа: история, география, этнография» лжьыгъэхэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэ-тхыдэ фэеплъхэр къэзыгъэлъагъуэ, ди щІыпІэсымрэ щІыпІэ хэхахэмрэ дэзыгъэщІыху нэгъуэщІ зы лжжьыгъи ІэшІ Котляровхэ - ар «Кабардино-Балкария: жемчужина Кавказа» зи фІэщыгъэрщ.

2010 гъэм щІегъэжьауэ зэщхьэгъусэхэм я Іэдакъэщ1экІэхэр яшэ Урысейм и тхыпІъ тедзапІэхэм я лжжьыгъэр щагъэлъагъуэу зэхьхьэхэм. «Илъэсым и тхылъ нэхъыеджэр» Іыхьэм хэхуащ абыхэм кьыдагъэкІ сурэт альбомхэр («Заповедная страна - Кабардино-Балкария», «Черкесы: воины и мастера»), «Кавказ», «Родной ландшафт» кьыдэкІыгъуэхэм щІыхь тхылъхэр. Нэгъабэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ «Неизвестная Кабардино-Балкария» я кьэхутэныгъэр «Малая родина» урысейпсо зэпеуэм щытекІуащ.

БлэкІа илъэс 20-м кьриубыдэу Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я тхылъ тедзапІэ щІыкІум (цІыхуи 6 фІэкІа Іуэхущ1апІэм щылажьэркъым) хуэзфІэкІар мащІэкъым икІи ягъ дыдэу зыхуигъэувыжа мурадыр - щІыналъэм щыпсэуэхэм я хабзэ-бзыпхъэр бджыкІэрэ, зэхэпщІыкІкІэрэ Іуэху зэІуэмыбзэхэм ебэкъуэныр, щІыналъэр нэхъыбэм кьеГъэщІыхуныр - Іэщ1ыб ищІакъым.

Зи гугъу тщІы Іуэхущ1апІэм и унафэщІхэм я лжжьыгъэм тепсэлъыхьу Урысей тхылъ зэгуэныгъэм и Іэтащ1ъэ Степашин Сергей иджыблагъэ зыхуигъэщащ: «Нэгъуэщ1ым и щэнхабзэм, Іуэху зехьэкІам, хабзэм кууэ зыщыбгъэгъуэзэмэ, а лъэпкъым и псэр зыхьыбощІэ, кьыдагъэуэгурыкІуэ хьугъуэфІыгъуэ куэдри плъэгъунэгъу мэхъу. Пьэпкъыбзэ кьэралыр псом нэхърэ нэхъапэу зэхъуэзыгъэувэр щэнхабзэрщ, экономикэ, политикэ Іуэхуэхэр абыхэм кьакІэлъыкІуэу аращ. Дауэ уигу кьыумыгъэкІыжьынрэ кьызэрыгуэкІ урыс егъэджакІуэхэр, Кавказым щэныгъэ кьизыхьаэхэр. Абы щыгъуэм урыс щэнхабзэм зэрихьа «ЛІыгъэм» щыщ куэд нобэ тІэщІэхужащ. Ауэ, пэжщ, зыгуэри кьэнащ. ХэттІэ, Котляровхэр? КІэщІу жэуап естынщ а ущІэм: ахэр урысхэм ящыщ, Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщыхъуэр щІыпІэм щыпсэуэ бгырыс лъэпкъхэм я хабзэм фІыуэ щыгъуазэу кьэтэджащ, нэхъыфІу яхэлыр зыхалъхьащ. А «нэхъыфІхэр» Урысейм и хьугъуэфІыгъуэ ящыныщ, кьызэрызгурыуэмкІэ, а тІум я гъащІэ пльэпІэу щытри».

И епльыкІэ кьегъэльагъуэ тхыдэ щІэныгъэхэм я кандидат Малахов Сергей (Армавир кьалэ): «Къэбэрдей-Балъкъэрым теухуа тхыдэ щІэныгъэр ухьэныгъ ихьэныр, блэкІа зэманым Кавказ Ищхьэрэм кьыщыхъуахэр щІыпІэм ящымыгъэгъупщэныр, тхакІуэ дымыщІыхухэм я Іэдакъэщ1экІэхэр традзэнрэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ пщэрыльэ зыхуащІыжащ. Апхуэдэ щэнхабзэ Іуэхугъэуэш-хуэхэр иужьрейуэ щекІуэкІар XIX лІащІыгъуэм и кІэ, XX и пэ лъхъэнэхэрщ, тхылъ тедзэным куууэ зыщиужьарщ. Абы и лъэныкъуэкІэ журналист, тхакІуэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ я лжжьэкІэр щапхъэу бгъэлъагъуэ хьунущ. Я гур, я псэр хэлъу абыхэм ягъэщІэращІэ Кавказыр кьызэрыщ сурэт альбомхэр, кьинэмыщІауэ, уасэкІи езэгърабгъуэу кьыдагъэкІ тхылъхэм гугъэ уагъэщІ ар зи Іэпэгъуэм я бжьгъэр нэхъыбэ ящІыжьну».

Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Карпов Юрий (Санкт-Петербург): «Урысейм мы зэманым щекІуэкІ щэнхабзэ Іуэхуэм я лжжьыгъэкІэ хьарэныну хозагъэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ. Зыми емыщІэ Кавказ щІы кІапэм илъэс 20 хьуауэ я тхыгъэхэр траухэу, дунейпсо утыку ирахьэ. ЛожькаІуэ псэемыблэж жьыхьэу апхуэдэхэр арагъэнщ. ЩІы къэзыгъэкІ тхылъхэм гугъэ уагъэщІ ар зи Іэпэгъуэм я бжьгъэр нэхъыбэ ящІыжьну».

Тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор Карпов Юрий (Санкт-Петербург): «Урысейм мы зэманым щекІуэкІ щэнхабзэ Іуэхуэм я лжжьыгъэкІэ хьарэныну хозагъэ Котляровхэ Мариерэ Викторрэ. Зыми емыщІэ Кавказ щІы кІапэм илъэс 20 хьуауэ я тхыгъэхэр траухэу, дунейпсо утыку ирахьэ. ЛожькаІуэ псэемыблэж жьыхьэу апхуэдэхэр арагъэнщ. ЩІы къэзыгъэкІ тхылъхэм гугъэ уагъэщІ ар зи Іэпэгъуэм я бжьгъэр нэхъыбэ ящІыжьну».

Иужьрейуэ Котляров зэщхьэгъусэхэм кьыдагъэкІа тхылъым «Загадочная Кабардино-Балкария» фІащащ. Зэманым игъэпщІкІуаУэ кьыщыхьуэ щэху куэд кьэхутакІуэхэм кьатІэщІащ, иджыри къэс дызыдыэмэца щІыпІэхэр, мывэ, бгы хьэлэмэтхэр дагъэщІыху.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

Дохутыр Іэщ1агъэм къыхуигъэщІа

● ФІыщІэ

Узынщагъэм игъэдзыхэр Іэщ1агъэлІ нэсым и чэзум пэщІэхуэныр куэд и уасэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ дэ ди насыпыр кьыкІащ. Кьыхьэха Іэщ1агъэм пыпЪ жэуапльныгъэр нэсу зыхэзыщІэ дохутырт дэ кьыдэІэза. Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ №1-м гинекологиемкІэ и езанэ кьудамэм и дохутыр Ещтрэч Аминат.

И НЭІЭМ щІэт дэтхэнэ зыми гугъу зыкъыддригъэхьащ, сыткІи арэзы дыкьищІу. А бзыльхугъэм узыр зыхуэдэр, ар кьызыхэкІар псыныщІэу къехутэ, сымаджэм и узынщагъэр зэтеувэжьхуэкІэ гумызагъэу кІэпъоплъ. Аминат и лжжьыгъэм хуиІэ бгъэдыхьэкІэр умыгъэщІэгъуэн плъэкІыркъым: ар дэтхэнэми гуапэу хущытщ, уи Іуэхур зыІутым гупсэхуу кьедэІуэнурэ хуэзфІэкІыр кьыпхуищІэнущ.

Ещтрэч Аминат кьыхиха Іэщ1агъэм хуэІэижьщ, цІыхугъэшхуэ хэлъщ, дэтхэнэ зыми гукІи псэкІи хуэгумащІэщ. И Іэщ1агъэм кьыхуигъэщІащ», - зыхужаІэр абы хуэдэхэращ. ЖьпІэнурамэ, дохутыр нэсым хэлъын хуей хьэл псори дыболъагъу мы бзылъхугъэм, дэ шэч кьытедмыхьэу тхужьІэнущ сымаджэхэм абы хуэмыарэзы зэрахэмытыр.

И цІыхугъэр зэдынэсыр, и зэфІэкІыр зыхуэдэр дгъэунэхуащи, пщІэ худощ. И лжжьыгъэм и хьер илъагъуу, узынщагъэ, насыпи иІэу, Іэщ1агъэлІ нэхъыщІэхэм и зэфІэкІымкІэ ядэгуашэу илъэс куэдкІэ и Іэнатіэм пэрытыну ди гуапэщ.

Налшык къалэ дэт клиникэ сымаджэщ №1-м гинекологиемкІэ и езанэ кьудамэм щІэльхэм кьабгъэдэкІыу БЕЩТО Ларисэ.

Гъэсэныгъэм гъунэ иІэкъым

● ГуащІафІэхэр

Сабийхэр гъэсэн и лъэныкъуэкІэ адэ-анэхэм, адэшхуэ-анэшхуэхэм кьадэкІуэу жэуаплныгъэ ин я пщэ кьыдохуэ гъэсапІэхэм я лэжьакІуэхэм. ХьэхъупащІэ-Бахьсэнокъуэ Эммэ Хьэжьмсел и пхуэр илъэс зыбжанэ хьуауэ Арщыдан кьуажэм и «Нур» сабий садым щытхъу иІэу щолажьэ.

КъэХЪУН кьуажэм кьыдэкІа хъыджэбзым Налшык КъБКъУ-м и педколледжкІэ ехьуІэныгъэкІэ кьиуахащ. Анзорей кьуажэм и «Нарт» сабий гъэсапІэм лэжьэн щыщІидзащ. ИлъэсищкІэ абы щыІауэ, Арщыдан кьуажэм и «Нур» сабий гъэсапІэм и гупым яхьыльащ. Илъэс тІощыкІ щыгъуэуэ Эммэ цІыкІуэхэм яхэтщ гъэсэныгъэм теуХуа Іэмал зэхуэмыдэхэр кьигъэсэбэпну.

ЗэрытщІэщи, сабийр япэу гъэсапІэм щашэкІэ щтэІэщтаблэщ, анэм е анэшхуэм и Іэпэр имыуТыпщу быдзу иІыгъыу. Зи дзыхь иратІэзу махуэ псокІэ сабийр кьызыхуагъанэ гъэсакІуэхэми кьызэрыщыгъэгъыр зэрагъэпэжьныш хущІокъу. Абы и лъэныкъуэкІэ Эмми, абы и гъуэсэу гупым хэт Бэджрэт Радими я пщэрылъэр пылъхьэнщэу ягъэзащІэ, сабийхэм ятемыплъэкъыІыу я нэІэ трагъэщІ. Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм сабий кьыдэхьэхькІэ ящІэ. ГъэсапІэм яшагъащІэ цІыкІуэр тхъэмахуэм, тхъэмахуитІым и кІуэцІкІэ гупым ирагъасэ, уеблэмэ джэгуным зыІэпишэу унэм кІуэжьну щымыпІащІэр нэхъыбэу.

Сабийхэр илъэсищым щыщІэдзауэ школым хуагъэхьэзыр. Эммэрэ Радимэрэ гупым щыщ цІыкІуэр есэпым, урысыбзэм, пэжырытхэм, адыгэ хабзэм хагъэгъуазэ. Кьардэн Анжелэ физкультурэ ирегъэщІ, хореограф Кьудей Муізед Налшык кьикІыуэр музыкэмрэ кьафэмкІэ ядолажьэ. ЖылІэнурацІ, гъэсапІэм и лэжьакІуэхэр зэгурыІуэу, зэдзэпІэкьуэу зэдолажьэ, цІыкІуэм я кьэухьым зэрырагъэужьныным хущІэкъуу.

- Гульытэ нэхъыбэ зыхуэтщІыр сабийхэм я бзэрр, адыгэбзэрр урысыбзэрр яягъэшэрыуэфу цІыкІуэр кьыщІдгъэкІыныращ. Апхуэдэу хуэми, дгъэзэхьыщІыкъэ сабийм и анэдэлъхубзэмрэ и лъэпкъ хабзэмрэ едгъэщІэнырщ. ИтІанэщ адрей лъэпкъхэм я бзэр, я щэнхабзэр кьащыхуэщтэнур. Абы кьыдэкІуэуи утыку итыкІэ идогъащІэ, театр теплъэгъуэхэр догъэув. ЖьпІэнуракъэ, упщІэ епТамэ, тэрэзу жэуап кьуатыжьфу цІыкІуэр школым догъакІуэ, - жеІэ Бахьсэнокъуэ Эммэ. - Бэджрэт Радимэ нэхъ щІалэми, сабий бгъэдыхьэкІэ, кьыдэхьэхькІэ ещІэ. ГъэсапІэхэм ди дэІепыкъуэгъу, кьабзаГъэм кІэлъыплъ Баший Рамети и кьалэнхэр кьызыхэтыншэу егъэзащІэ.

ГъэсапІэм и пэщхэм щагъэуваш адыгэм пасэм кьигъэсэбэпу щыта хьэпшыпхэр, хьэкъущыкъухэр, Іэмэпсымэхэр, набжьэхэр, цІыкІубз, цІыкІухъу фащэхэр щІызэхуэзса пІланэпхэр. Іуэхущ1апІэм и гупхэр зэпеуащ ахэр нэхъыфІу кьызэгъэпэщыныкІэ. А Іуэхуэм егугъуу адэ-анэхэри хэтащ. Зэпеуэм хьыкъу цІыкІуэм ирагъащІэ кьурш лъагэхэр, уардэхэр зэрыдилэр, абыхэм я бжьпсы еж

ЩІэрыІуэу къэуша адыгэ пщащэ

● ЗэвгъэцІыху

Адыгэу дунейм тетым я махуэм ирихьэлІэу Кэнжэ къуажэм щекІуэкІа «Адыгэ пщащэ-2014» зэпеуэм пашэ щыхъуа, уэрэдымрэ къафэмкІэ «Амикс» театрым и уэрэджыІакІуэ, къафакІуэ Сен Аидэ «Адыгэ псалъэм» и хьащІэщым къедгъэблэгъащ, нэхъ гъунэгъуу фэдгъэцІыхун папщІэ.

- Аидэ, «Адыгэ пщащэ-2014», «Пщащэ акъылыфІэ» щІыхьыщІэхэр кьыззэрыпхуагъэфэщам папщІэ сынохъуэхъу. «ЛІэужьыр бжьибдкІэ мауэ», - жеІэ адыгэм. Дауи, уи екъулІэныгъэхэм я фІыщІэ хэлъу кьыщІэкІынщ адыгэбзэр, адыгагъэр, лъэпкъ хабзэр, нэмысыр уи Іэпэгъуу укъэзыгъэхъуахэм. Абыхэм я гугъу уззгъэщІынут.

- Нобэ хабзэ гуэр кьыздалъагъмэ, абы и фІыщІэ хэлъщ сыкъэпІа, сызыгъэса си анэ Хьэзупащ Лидэ. Аращ дэІэпыкьуэгъуу сиІэри си екъулІэныгъэхэм я фІыщІэри. Си анэр мыхьуамэ, зыри схузэфІэкІыну кьыщІэкІынтэкьым. Ди адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэфІхэр хуэзыщІа Хьэхъупащ Амырхэан си адэшхуэм и адэ кьуэшщ. Абы и кьэрылъку, си дэлъху Хьэхъупащ Амырхэан республикэм фІыуэ кьыщІыхьу щыкІэпшынэу Іэзэщ. Щапхъэ схуэхъуащ си адэми си анэми я лъэныкъуэкІэ ди нэхъыжьхэм я гур адыгэ лъэпкъым хуэкъабзэу кьыззэрыгъуэгурыкІуар.

Адыгэбзэм си гур хуэхъабзэ щІэхъуам и щхьэусыгъуэхэм ящыщщ школым сыщыщІэсым сызыхэта «Черкесский мир» республикэ фестиваль-зэпеуэр. Зэрызэпеуам кино хэтт. Иджыпсту сызыхуеджэр режиссёр Іэщ1агъэращ. Кавказ Ищхьэрэм гъуэджэкІэ и къэрал институтым сыщІэтІысхьэн и пэ кьихуэу адыгэхэм ятеуху кинофильм кІэщІ згъэхьэзыращ. Дакъикъипщ кІудей хьу лэжьыгъэм кьыщызгъэлъэгъуат адыгэхэм я щэнхабзэр, бзэр, Кавказ зауэжьым кьыгтхуихьа гуаузшхуэр, нэгъуэщІэкэр. Си фильмым кьыхуэгъэфэщащ фестивалым и сэтэт нэхъыщхьэр. Абы иужькІэ сыхэтащ нэгъуэщІ щІыпІэхэм щекІуэкІа фестивалхэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым Гуманитар къэхутэныгъэхэмкІэ и институтым и Іэщ1агъэлІэхэр кьыздэІэпыкъуат абы зыхуэзгъэхьэзырыныкІэ. Мис абы щыгъуэщ си лъэпкым теухуауэ сызыщымыгъуаз кУэд кьыщысщІар.

- Пащащэхэм я зэпеуэм дауэ уухьиха хъуат, Аидэ?

- Ялэщ1ыкІэ кьыхэзгъэщІну сыхуейщ зэпеуэм сыхьыхьу адыгэ Іуэхум сыдихьэхауэ зэрыармырар, атІэ адыгэ лъэпкъым хузиІэ лъагъунытІэрщ абы сыхэзышар.

Зэпеуэр хьэззыгъэпэщ1ахэм ящыщ, «Амикс» театрым и къафакІуэхэм зыгъасэ си ныбжьэгъу Къуэжей Темыркъан щыгъуаззэт адыгэхэм ятеуху тхыльхэм седжэну зэрысфІэфым. Аращ зэпеуэм и хъыбар къызжьеІыари, си зэфІэкІ сеплъыжьну абы сезыгъэблэгъари. Пэжщ, апхуэдэ зэхьэзэхуэхэм сыхэтыну, утыкушхуэхэм сихьэну сфІэфІкъым, ауэ, адыгагъэм епхауэ зэрыщытыр кьэслъытэри, абы сыхэтыну арэзы сыхъуащ.

ФІыщІэ хуэсщІыну сыхуейщ Кэнжэ кьуажэм Щэнхабзэмкі и унэм и унафэщІ Мамий Заретэ. Апхуэдэ зэпеуэхэм хэт хьыджэбзхэм езыр-езыру абы зыхуэгъэхьэзыр хабзэми, ар кУэдкІэ кьыддэІэпыкъуащ.

- Уи хьэрхуэрэгъу пщащэхэм уефІэкІыу кьалъытэн папщІэ сыт хуэдэ Іэмалхэр кьэбгъэсэбэпа?.

- Пэжыр жысІэнщи, апхуэдэуи ерыщу пашэнхэм сыхуущІэкъуакъым. Ауэ Іуэхугъэ псори нэхъыфІ хэлъу кьыззрысфІэщІым хуэдэу кьыззэгъэпэщащ. ЗакъедгъэщІыхуну пщащэхэм кьыщытпэщІыть япэ Іыхьэм утыку сыкъихьэу си щхьэ сыщІэхъужьину сфІэемыкІу хъуащ. Іуэхум нэгъуэщІу сыбгъэдыхьэри, стеуху видеоролик цІыкІу згъэхьэзыращ. Пъэпкъым и зыужьныгъэм хуэгъэза хъуэжу жысІэу, Нало Заур и уэсэ цІыкІу сыкъеджэу абы хэзгъэхьащ. Кьафэми бгъэдыхьэкІэ щхьэхуэ кьыхуэзгъуэтащ. Пхъэ вакъэ сытету сыкъыщэрфэфр згъэльэгъащ. Адыгэ лъэпкъыр апхуэдизкІэ фІыуэ сольагъури, абы хуэзгъэпса хъуэхъур щыжысІэм си нэпс кьысфІекІуащ. Ар щІыжысІэращи, блэжь Іуэхум уигурэ уи псэрэ емытамэ, нэгъуэщІкІэ кьыпхуэдэхьынкъым.

- Зэпеуэм, абы уззрыщытекІуам сыт хуэдэ мыхьэнэ иІэу кьэплъытэрэ, Аидэ? Дауи, абы ІуэхущІэхэм утригъэгушхуэ кьыщІэкІынщ.

- Нэхъыщхьэр «Адыгэ пщащэ-2014» щІэр кьэтхьэн папщІэ кьыджэбзхэр дызэрызэпеуаракъым, атІэ зэхьэзэхуэм и фІыгъэкІэ зы унагъуэм иц эзышпхъуэхэм хуэдэу ныбжьэгъу дызэрызэхъуэрыдж. Зыр зым дыдэІэпыкъуу, дызэхуэгъэпэщ зыдгъэхьэзыращ. Бзэ, хабзэ, щэнхабзэ, литературэ жыпІэми, пщащэхэр дызытепсэлъыхьын ди гъунэжт. Зыр зым ятеуху ящыщ муради диІакъым. ЖыпІэнуракъэ, апхуэдизкІэ гъунэгъу дызэхуэхъуати, хэт текІуэнти ддэрт. Зэхьэзэхуэр иджыри и кІэм нэблэгъатэкъым зэхуэсахэм Іэгуаузэшхуэ щаІэтам. Ар икъукІэ гуапэ сыкъыхуащ.

Зэпеуэм и пщэдджьыжьым срецъхьт «ЦІэрыІуэу къэушащ» зыхуэмІэм. Социальнэ сайтхэм сискъым, ауэ инстаграмым куэдым си напэкІуэцІым Іэ щІадзат. Си телефоныр зэпымыуэу къеуэрт.

Зэпеуэм, дауи, мыхьэнэшхуэ, екъулІэныгъэшхуэ иІащ. Куэдым зызосыхуэзыгъэса Бэрбэч Светланэщ Къул Амир и деж сызыгъакІуар. Илъэс зыбжанэ и пэкІэ апхуэдэу сахьхьауэ щытащ «Амикс» гупым. А унагъуэшхуэр занщІэу сигу ирихьат. Иджы арыншауэ си гъащІэр си нэгу кьыскъущІэгъэхьэркъым. Уэрэд жысІэну сыкІуаугъэ арат, ауэ Амир къафакІуэхэми сахигъэхьащ. Апхуэдэу «Амикс» гупым и уэрэджыІакІуэ икІи и къафакІуэ сыхъуащ.

- Режиссёр Іэщ1агъэр дауэ къыхэлхат?

- ТелевизоркІэ зыгуэр сеплъамэ е гъащІэм зыгуэр щысльэгъуамэ, занщІэу сигу кьэкІырт абы зыгуэр хэслъхьэжу ззэгъэзэхуэкьну. Абы гу лъызытахэм кьызаІуэкІырт режиссёр Іэщ1агъэм сызэрыхэзэгъэнур. Ялэщ1ыкІэ уэрэд жыІэным зыщ1ауэгъасэ кьудамэм сыщ1этІысхьащ, арщхьэкІэ етІуанэ илъэсыкІ киномрэ телевиденсмрэ я режиссёр кьудамэм сыкІуэжащ. Иджыщ си Іэщ1агъэр кьэзгъуэтыжауэ кьыщысщыхьур. Ди факультетым и унафэщІ Шэрджэс Мухьэмэд фІыщІэ ин хуэфащэщ адыгагъэм, адыгэ хабзэм дызэрыхуигъасэм папщІэ. Абы сыт щыгъуи кьызджеІэ дызэрыадыгэр зыщыдмыгъэгъупщэу, псом я дежкІи щапхъэу дыщытын зэрыхуейр.

- Фіыуэ плъагъу адыгэ лъэпкъым сыткІэ уэхуэхъуапсэрэ?

- Ялэ дыдэу сызыщІэхъуэпсыр ди бзэр тфІэмыкІуэду тхъумэнырщ. Бзэр кІуэдыжмэ, лъэпкъри дыхэкІуэдэжынущ. Ар ди нэгу щІэкІащ нэгъуэщІ лъэпкъхэм яхэшыпсыкьыжа убыххэм ящыщІамкІэ. Адыгэхэр урысыбзэкІэ дызэрызэпсальэр си жагъуэ мэхъу. Си щхьэкІэ кьалэм сыкъызэрыщыхъуар, адыгэбзэ кьабзэкІэ сызэпсэльэн куэд зэрызмыгъуэтырщ адыгэбзэр кьыщІызэмэщІэкІыр. Си жагъуэщ щысабийм щегъэжьауэ зи анэдэлъхубзэр Іэщ1ыб зыщІэкр. Школым адыгэбзэр кьэхьыбэу щраГъэджьыну, унагъуэхэм нэхъыбэу адыгэбзэкІэ щыпсэльэну си хьэпсапІэщ.

Гуапэщ, бзэр фІыуэ ямышІэми, адыгэ фащэм хьыджэбзхэм я гупэ зэрыхуагъэззэкьыр. Адыгэ фащэ дыдэ мыхъуми, лъэпкъ тхьипхэхэр зыхэлъ бостейкэр сэри сод. Апхуэдэ бостей зыщыгъэсэм гъэщІэгъэн ящыхьунущ а дамыгъэм, тхьипхэм и мыхьэнэр, ар кьызыхэкІар.

- Аидэ, республикэм ис адыгэ пщащэхэм сыт хуэдэ чэнджэщкІэ захуэбгъэзэнт?

- Ди тхакІуэхэми хамэ щІыпІэхэм кьикІахэми зэрратхаци, адыгэ пащащэр зыгъэдэхэжьыр и щэнфІаГъэрщ. Нэхъыхьэхэм, уи щхьэм пщІэ хуэпщІын, бзэр пщІэн, уи хьэлщым укІэпльыпльыжьын хуейуэ кьызолъытэ.

Епсэльар **ТЕКІУЖЬ Заретэщ.**

● Псапэ

Сабийхэм яхуоупсэ

«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и лэжьакІуэхэмрэ обществэм и профсоюз организацэм я лЫкІуэхэмрэ Илъэсыщ1э гуфІэгъуэ махуэхэм республикэм и сабий унэ хэхам щыІащ.

КОМПАНИЕМ и унафэщІхэм я чэнджэщкІэ, электрохьэжхуэр, люминесцент уэздыгъэхэр, бактерицид лампІхэр Іуэхущ1апІэм тыгъэ хуащІащ. Акционер обществэ зэІухам ильэс кьэс иригъэкІуэкІ «Сабийхэм нэхурэ хуабжьІэ фахуэупсэ» псапащІэ акцэм хьыхьэу мы Іуэхур сызэрагъэпэщащ.

«Къэббалъкъэнерго» компаниеи и управляющэ унафэщІ Дохъушыкъуэ Аслъэн кьызэрыджиГамкІэ, а жэрдэмыр хабзэфІу кьадокІуэкІ.

- Ныбжьыщ1эхэм щакІэлъыплъ, социальнэ мыхьэнэ зиІэ Іуэхущ1апІэхэмрэ организацэхэмрэ дяпэкІи тхуэзэфІэкІкъэмкІэ защ1эдгъэкъэзыну икІи Къэбэрдей-Балъкъэрым и сабийхэм нэхурэ ди гум и хуабэмрэ тыгъэ яхуэзгъЫну дапщэщи дыхьэзырщ, - жиІащ абы.

«Къэббалъкъэнерго» ОАО-м и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Дэрэжэгъуэ

● Илъэсыщ1э хъуэхъу

Фіыгъуэ инхэр
Фи гум щызу,
Насыпыльэм из зэпыту,
Фызэнэзэнсэу,
ЩІэльэнэзэнсэу,
ЩІыльэм къывит защІэу,
Быну фиІэр узынщэу,
Дэрэжэгъуэр къывату,
Тыгъэу фщІыфыр фи псапэу,
Фи еджэжэр фхуэпашэу,
Пщащэу фиІэр щІэх яшэу,
Шууей хахуэр фи куэду,
Дэ пэльытэу, унагъуэр
Сытым дежи купщІафІэу,
Абгъуэзу фиІэм мылъку изу,
Зэгъунэгъуэхэр фызэфІу,
ФІыгъуэу щыІэр кьыфхэхъуэу,
Хьэхъуэу жаІэр кьыфЫзысу,
Фи сабийхэр фхуэгъасэу,
Анэр фІыуэ ялъагъуу,
Адэм гуапэ жраІэу,
Я нэхъ Іэсэр фи нысэу,
Фи къуэрылъхуэхэр гъэсауэ,
Я увыпІэр ящІэжу,
Жьыри щІэри ялытэу,
Ягу зелъытэу тгъэнжэу,
Нанэу фиІэр Іумахуэу,
ХущІэмыхьэр фи куэду,
Фи дадэшхуэри жьакІащхъуэу,
Хъушэу фиІэр бжьгъэншэу,
Шатэ маер фи шхыну,
НакІуэ-къакІуэр фи куэду,
Дэрэжэгъуэу къыватым
Тыгъэ гуапэ хэфщІыкІыу,
Уафи щІылъи мамыру,
Адэжь лъахэр щІэращІэу,
Нэмрэ псэмрэ ар хуэфхъу
2015 ИлъэсыщІэ хъуэхъуэнур
ЕфхьэкІыну сохъуахъуэ!

СЭРАХТЬЭ Людмилэ,
Налшык дэт курыт школ №25-м адыгэбзэмрэ литературэмкІэ и егъэджакІуэ.

Нэгъабэ и иужьрей къыдэкІыгъуэр



2014 гъэм «Іуащхьэмахуэ» журналым и иужьрей, еханэ кьыдэкІыгъэуэ, кьызэІуех ткакІуэ Къашыргъэ Хьэпащ1э кьызэраугъэхуэрэ илъэси 100 зэрырикъуам теухуахэмкІэ. Гъэунэ Борис «Зэманым и нэпкьыжьхэр» тхыгъэм Къашыргъэм и творчествэм, и гъащІэмрэ лэжьэкІамрэ щытопсэльыхь.

Апхуэдэуи журналым тридзащ Къашыргъэм «ПшэжІухь» зыфІища и романым щыщ пычыгъуэхэр.

Илъэс 90 ирикъащ усакІуэ Щ1ожэнцІыкІу Нурий кьыз эраухъуэрэ. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ усакІуэм тепсэльыхьу Елгъэр Кашиф итха «Лъэужь дахэ» тхыгъэмрэ Щ1ожэнцІыкІум и усэхэмрэ.

Еджагъэшхуэ, литературэдж Къашыргъэм «ПшэжІухь» зыфІища и романым щыщ пычыгъуэхэр.

Илъэс 90 ирикъащ усакІуэ Щ1ожэнцІыкІу Нурий кьыз эраухъуэрэ. Абы ирихьэлІэу журналым тридзащ усакІуэм тепсэльыхьу Елгъэр Кашиф итха «Лъэужь дахэ» тхыгъэмрэ Щ1ожэнцІыкІум и усэхэмрэ.

Еджагъэшхуэ, литературэдж Къашыргъэм и творчествэм, и гъащІэмрэ лэжьэкІамрэ щытопсэльыхь.

Апхуэдэуи журналым тридзащ